



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PWOJÈ REYABILITASYON ANBA VIL TRANSFORMATIF NAN VILAJ CLAYTON, NAN KONTE JEFFERSON

Investisman 9.3 milyon dola te fasilite vwayaj epi li te amelyore rezilyans nan State Route 970L nan River Village pitoresk la

Amelyorasyon yo ranfòse sitiyoasyon Rejyon Thousand Islands lan kòm destinasyon touristik klas mondyal

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke gen travay ki fini nan kad yon pwojè transfòmatif ki koute 9.3 milyon dola ki te rekonstwi ak modènize wout vwayaj prensipal la - State Route 970L - atravè Vilaj Clayton pitoresk la nan Konte Jefferson, sa k ap amelyore sekirite ak fasilite vwayaj pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo. Pwojè a te amelyore rezistans kont evènman move tan yo epi li te kreye yon distri istorik anba lavil ki pi fasil pou mache epi ki pi atiran vizyèlman, ki pral ankouraje kwasans aktivite touris nan destinasyon popilè sa a nan kè Rejyon Thousand Islands lan. Sitiye otou Rivyè St. Lawrence, Clayton se yon egzanp klasik yon vilaj ki abò rivyè epi se lakay anpi boutik, restoran ak galri atistik. Li prezante tou yon opera ak twa mize, ki gen ladan Mize Bato Antik (Antique Boat Museum) ki popilè a.

"Pandan ekonomi rejyonal nou yo kontinye rekipere yo anba pandemi an, li enperatif pou nou gen yon rezo transpò ki sipòte kwasans epi ki fè li pi fasil pou moun ak machandiz yo rive kote yo bezwen ale", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyorasyon sa yo nan bèl Vilaj Clayton pral ede rezidan yo ansanm ak vizitè yo eksperimante tout sa zòn nan gen pou ofri, epi asire ke Rejyon Thousand Islands lan kontinye fleri kòm yon destinasyon touristik klas mondyal."

State Route 970L se yon bouk vwayaj ki enpòtan atravè distri istorik anba lavil Clayton lan epi li gen ladan James Street, Riverside Drive ak Webb Street. Travay an kolaborasyon ak lidè kominotè lokal yo, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a te rekonstwi wout ki soti nan entèseksyon James ak Mary Street rive nan Riverside Drive epi answit rive nan Webb Street nan entèseksyon Hugunin Street la, pou bay yon nouvo sifas wout asfalt ak nouvo twotwa pou pyeton ki gen bòs pou amelyore mobilite pou tout fòm vwayaj. Nouvo ekipman lari yo: ki gen ladan ban, ekleraj dekoratif, pavaj brik ak plante dekoratif, ke yo te ajoute nan tout zòn

pwojè a pou pwomote bote estetik distri istorik la. Yo te amelyore pakin nan lari otou James Street la.

Yon karakteristik kle nan pwojè a te enkli demenajman soutèren sèvis piblik an sifas tèren atravè distri istorik la, ki pral diminye ka blakawout kouran pandan evènman move tan yo. Yo te modènize tou liy dlo ak egou yo. Empire State Development te sipòte pati sa a nan pwojè a ak yon sibvansyon kapital ki kise 1 milyon dola, ki te akòde pandan Faz V nan kad inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council) Gouvènè a.

Lanse an otòn 2019, pwojè a te planifye pou minimize konsekans sou sikilasyon ak kominote a. Pa gen gwo travay ki te fèt nan zòn anba lavil la pandan sezon touristik estival ki pi chaje a.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Vilaj Clayton se youn nan premye destinasyon nan tout Eta New York epi pwojè sa a pral ede kenbe li konsa pandan plizyè ane k ap vini yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul la, Eta New York kontinye fè investisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ki amelyore kalite lavi, bati ekonomi nou yo ak ranfòse lyen ki lye kominote nou yo ansanm."

Pwojè a konplete tou yon lòt pwojè k ap fèt kounye a kòm yon pati nan kad [Inisyativ Devlopman Ekonomik ak Rezilyans](#) (Resiliency & Economic Development Initiative, REDI) pou ede rekonstwi ak amelyore devlopman ekonomik nan kominote ki sou rivaj Lake Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo yon fason dirab. Gen yon pwojè ki koute 2.4 milyon dola nan Izin Koleksyon ak Tretman Dlo Ize (Wastewater Collection and Treatment Plant) Vilaj Clayton, k ap kontinye, ki pral okipe pwoblèm donmaj yo te sibi lè dlo a te monte, epitou pou elimine debòdman nan Rivyè St. Lawrence la, ki an retou pral ede anpeche risk ki danje pou lasante. Inondasyon Rivyè St. Lawrence la an 2019 te gen konsekans negatif sou Sistèm Ranmasaj ak Izin Tretman Dlo Ize (Water Collection System and Treatment Plant) Vilaj Clayton nan epitou sou estasyon ponp Riverside Drive ak East Union Street yo, nan kite plizyè pòsyon nan enfrastrikti an anba dlo, sa ki te limite kapasite ponpaj la, epi lakòz pwosesis dezenfeksyon an sispans.

Pami mezi prevansyon yo pou pwojè sa a gen konvèsyon kontak klò ki la deja a an yon estasyon relèvman efliyan entèmedyè ak agrandi bilding pou filtre/dezenfekte a avèk pi gwo filtè ak sistèm pou dezenfekte ak iltravyolè pou trete tout dlo k ap koule nan izin nan. Yo pral agrandi pui ponpaj estasyon Ponp Riverside la epi enstale ponp ki kapab ale anba dlo nan fos sèch la, avèk plis kapasite nan pui sèch la. Yo prevwa pwojè a pral fini an 2022. Etandone pwojè Route 970L Eta a toupre ak pwojè Sistèm Koleksyon Dlo Ize ak Izin Tretman Vilaj la, te gen yon kowòdinasyon gouvènmantal kontinyèl nan plizyè nivo pandan tout dire pwojè DOT la, alafwa nan entegrasyon pwojè ke REDI finanse a ansanm ak adrese demann ak enkyetid Vilaj la.

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development lan, Kevin Younis, te deklare, "Pwojè tankou sa a ede kreye kominote angaje ki akeyi vizitè yo ak nouvo rezidan yo, epi ankouraje nouvo investisman pou jenere kwasans ekonomik dirab. Finansman nou an, ki akòde atravè inisyativ Konsèy Rejyonal la, te sipòte nouvo enfrastrikti sèvis piblik soutèren ki amelyore sekirite epi ki nan avantaj biznis yo nan distri istorik anba lavil la."

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Atravè Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik New York, Eta a ap fè investisman enpòtan ak estratejik pou ranfòse enfrastrikti ak pwoteje byen kominotè yo ki vilnerab fas ak inondasyon ak gwo dlo. Anons jodi a nan vilaj Clayton ranfòse efò sa yo nan tout rejyon an ak sipòte travay k ap fèt pou pwoteje kominote nou yo ak anviwònman an, k ap garanti ke Thousand Islands kontinye sèvi kòm yon destinasyon pou vizitè yo, sa k ap ede soutni ekonomi lokal la pou jenerasyon k ap vini yo."

Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare, "Clayton se yon jwayo nan Thousand Islands ki nan dènye ane yo, ap grandi anpil, sa ki bay moun ki soti toupre ak byen lwen yo nouvo rezon pou yo vizite. Mwen kontan wè finisman pwojè sa a ke yo t ap tann depi lontan, ki te transfòme distri istorik Clayton lan epi ki pral ede kontinye momantòm lan nan kominote espesyal sa a."

Manm Asanble, Mark Walczyk, te deklare, "Vilaj Clayton se yon resous pou tout Front Yard of America a. Antanke syèj aktivite touris nan St. Lawrence, li se yon motè ekonomik nan gwo kominote Konte Jefferson lan, ki se yon sous travay ak yon sous fyète pou nou tout. Mwen kontan paske pwojè revitalizasyon sa a te fini alè pou sezon fèt la e mwen akeyi tout moun pou vin nan Clayton pou fè makèt pou fèt yo, pou yo jwi restoran li yo epi pou yo admire peyizaj ivènal pitorèsk li yo."

Majistra Vilaj Clayton nan Norma Zimmer te deklare, "Vilaj Clayton lan trè rekonesan anvè Eta New York, plizyè ajans finansman yo ak kontraktè yo ki fè pwojè sa a vin yon reyalyte. Koperasyon, Kominikasyon ak Konpwomi pwouve o final ke yon pwojè nan kè Distri Istorik la pral bay avantaj alontèm pou kominote nou an ak pou Rejyon 1000 Islands lan."

Prezidan Asanble Lejislatif Konte Jefferson nan, Scott Gray, te deklare, "Touris se yon eleman enpòtan nan ekonomi Konte Jefferson lan epi investisman Eta New York nan Clayton rekonèt wòl enpòtan ke aktivite touris jwe nan pwospèrite tout zòn nan. Nou tout se patnè nan fè rejyon nou an ak kominote bò litoral yo pi atiran epi an retou nou tout pwospere."

Lejislatè Konte Jefferson lan, Bobby Cantwell, te deklare, "Mwen pa te ka pi rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak tout ekip DOT Eta New York ki te fini yon bèl woje konsa nan Vilaj Clayton. Mèsi anpil pou tout efò eta a te angaje nan kominote nou an nan bèl pati nò New York la."

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: @NYSDOT ak @NYSDOTWatertown. Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)